



# Vaksen kont Virus Papiyòm Imen (Human papillomavirus, HPV): Yon Mwayen san Danje epi ki Efikas Pou Pwoteje Ptit Ou Kont Kansè

**37,300 Maladi Kansè HPV Lakòz Chak Ane**

Ki egal a yon moun chak 15 minit, chak jou, pandan tout ane a.

**Enfeksyon Virus Papiyòm Imen an (HPV) se yon maladi ki komen anpil.**

- Chak ane gen 13 milyon Ameriken ki enfekte ak maladi HPV a. Plis pase mwatye nan yo se nan laj ant 15 ak 24 lane.



\* Kansè dèyè gòj la, ansanm ak anba lang lan ak amigdal yo

## Vaksen kont HPV a efikas anpil.

- Vaksen an bay pwoteksyon kont kalite HPV ki lakòz maladi kansè ki pi komen yo.
- Gwo etid anvan yo te bay lisans pou vaksen an te montre li te:
  - prèske efikas a 100% nan prevansyon pre-kansè matris, vajen ak vilv.
  - efikas a 75% nan prevansyon pre-kansè anis.
- Etid ki pi resan yo te montre ke li:
  - diminye risk pou kansè nan kòl matris la 88% lakay ti fi ak fanm ki te pran vaksen anvan laj 17 lane yo.
  - rediksyon plis pase 82% enfeksyon oral ak orofarenje HPV a lako.
- Enfeksyon HPV yo vaksen an te vize an diminye plis pase 80% nan mitan adolesan ak jèn fi depi lè vaksen an te prezante a.
- Lakay gason ki gen laj 21 lane yo ak pi piti laj yo, vaksen an te montre yo diminye 82% ka maladi jenital yo.
- Prèv la jiska prezan montre pwoteksyon an dire lontan. Vaksen kont HPV a kapab anpeche plis pase 90% maladi kansè devlope.

## Vaksen kont HPV san danje.

- Ekspè sante yo te etidye vaksen an anvan yo te bay lisans pou li. Yo te jwenn pwoblèm sante grav apre vaksinasyon yo te ra ak pousantaj yo te sanble ak moun ki pa t jwenn vaksen an ditou.
- Epitou yo te bay plis pase 270 milyon dòz nan lemonn depi ane 2006, lè vaksen an te fenk soti a.
- Ekspè sante yo ap kontinye kontwole sekirite vaksen an. Nan plis pase 17 lane, pa gen okenn enkyetid grav ki te lye sou sekirite vaksen an.
- Efè segondè ki pi komen yo rapòte yo pa twò grav epi yo gen yon dire vi ki kout. Yo enkli:
  - doulè enjeksyon an lako (afekte anviwon 8 nan 10 moun).
  - po kò a vin wouj oswa li anfle nan kote pasyan an pran vaksen an (1 sou 4).
  - yon ti lafyèv (anviwon 2 sou 10).
  - kèplen ak maltèt (anviwon 1 sou 3).
  - vètij oswa endispozisyon: Vètij ak endispozisyon pi komen pami adolesan yo pase popilasyon jeneral la apre nenpòt vaksinasyon an.
- Pa gen danje pou resevwa vaksen HPV anmenm tan avèk lòt aksen yo. Vizit ptit ou a pou resevwa vaksen tdap ak menengosik, grip, ak COVID-19 se pi bon lè pou vaksinen ptit ou a kont HPV a.

## Vaksen HPV a kapab sove lavi ptit ou a.

Poze founisè swen sante ptit ou a kesyon sou sa jodi a.

Asire w ptit ou a vaksinen anvan li gen 13 lane, lè vaksen an ap travay pi byen.

